

## AJARAN SUFISME SAJRONE SULUK RANCANG

**Irfan Bachtiar Choirul Amri**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
Irfanc.a@mhs.unesa.ac.id@mhs.unesa.ac.id

**Drs. H. Bambang Purnomo, M.S**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

### Abstrak

Sastra Jawa Pesisiran mujudake ekspresi sastra kang asale saka masyarakat Pesisir (mligine pesisir sisih lor Pulo Jawa) kang nduweni fungsi tartamtu kanggo masyarakat panyengkuyunge (Purnomo, 2011:22). Jinise karya sastra Jawa Pesisiran diperang dadi loro yaiku riptan kang awujud *etik* (asipat *religious* lan *didaktis* kang awujud karya dongeng lan suluk) lan riptan *epik* (asipat *kepahlawanan* kang asale saka sanjabane utawa asli saka Jawa) (Purnomo, 2011:25). Suluk Rancang bisa diarani salah sawiji wedharane pangripta ngenani apa kang kedadeyan sajrone masyarakat rikalane kanjeng nabi taksih gesang.

Adhedhasar iku, tuwuh telu underan panliten, yaiku kepriye (1) Kepriye Karakteristike Suluk Rancang (2) Kepriye ajaran sufisme sajroning Suluk Rancang, lan (3) Kepriye pigunane ajaran sufisme sajroning Suluk Rancang tumrap bebrayan. Tujuwane panliten saemper karo underane panliten, yaiku ngandharake: (1) ngandharake karakteristike suluk rancang, (2) ngandharake ajaran sufisme sajrone suluk rancang, (3) ngandharake pigunane ajaran sufisme sajrone suluk rancang tumrap bebrayan.

Paedahe panliten yaiku panliten iki diajab supaya bisa: (1) Paedah panliten yaiku paedah kang dikarepake bisa menehi gegambaran padhang utawa kawruh marang pamaos sawise maca panliten iki. Amerga saben panliten kudune bisa menehi paedah utawa bab sing anyar tumrap pamaos, (2) Saka anane panliten iki diajab nduweni paedah tumrap panliten sastra Jawa lawas kang nggunakake titingan struktural. Supaya mengko menehi gambaran jelas isi saka Suluk Rancang tumrap pamaos umum lan mahasiswa jurusan basa lan sastra Jawa.

**Tembung wigati:** Suluk , Ajaran Sufisme

### PURWAKA

Bageyan purwaka iki diprinci dadi patang subbab, yaiku (1) Pamurwane panliten, (2) undere panliten, (3) watesane panliten, lan (4) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe ing ngisor iki.

#### Pamurwane Panliten

Manungsa nduweni daya pikir kang saya suwe saya ngrembaka. Bab iki uga sing njalari pangrembakan kasusastran Jawa. Jinise kasusastran Jawa ana maneka warna lan salah sawijine yaiku Sastra Jawa Pesisiran. Sastra Jawa Pesisiran mujudake ekspresi sastra kang asale saka masyarakat Pesisir (mligine pesisir sisih lor Pulo Jawa) kang nduweni fungsi tartamtu kanggo masyarakat panyengkuyunge (Purnomo, 2011:22). Jinise karya sastra Jawa Pesisiran diperang dadi loro yaiku riptan kang awujud *etik* (asipat *religious* lan *didaktis* kang awujud karya dongeng lan suluk) lan riptan *epik* (asipat *kepahlawanan* kang asale saka sanjabane utawa asli saka Jawa) (Purnomo, 2011:25).

Sastra dadi pambiji tumrap kabudayane manungsa sajrone urip. Robson (sajrone Purnomo, 2011: 22) ngandharake sastra sajrone masarakat tradisional

minangka darbene masarakat kang diturunake saka generasi siji marang generasi sabanjure. Sastra ora mung minangka daya pangungkapane pangrasa, pamikir, lan pengalaman nanging uga minangka pathokan urip.

Tuwuh lan ngrembakane Agama Islam mangaribawani sastra ing tanah Jawa. Piwulang Islam katon nyata ing karya sastra. Karya sastra pesisiran ing pasinaon asipat mistis religius sing diracik ing wujud gancaran utawa tembang macapat. Sifat mistis religius iki ing tembe tuwuh dadi karya sing luwih kompleks kanthi pengadaptasian unsur-unsur budaya sing dibumboni pengaruh Islam (Purnomo,2001:2).

Salah siji naskah kang narik kawigaten tumprape pangripta yaiku Suluk Rancang. Kanggo nggampangake, irah-irahan Suluk Rancang iki sabanjure kasebut SR. SR kang dadi bahan panliten iki asale saka salah sawijine Museum, yaiku Kambang Putih kanthi alamat Jl. Kartini No. 3 Kelurahan Kutorejo, Kecamatan Tuban, Kabupaten Tuban Jawa Timur. Serat iki kaserat mawa aksara Jawa, asil tulisan tangan, wujud tembang macapat, lan nganggo basa Jawa. Kahanane naskah isih apik, lan saperangan ora isa diwaca.

Isine Suluk Rancang yaiku ngenani syariat, tarekat, hakekat lan makrifat. Ing syariat iki ana perangan-perangan kang dijlentrehake dening pangripta, kayata sholat, pasa, zakat lan liya-liyane. Uga ana maneh ngenani tarekat, hakekat lan makrifat. Ing perangan tarekat dijlentrehake carane utawa laku kang kudu ditindhakake dening penganut tarekat kanggo ngresiki diri saka sipat-sipat kang ala.

Titikane SR iki bisa dideleng saka perangan pada ing pupuh tartamtu. Amarga ing perangan pupuh mau disebutake yen naskah iki jenenge yaiku Suluk Rancang. SR katulis awujud tembang macapat kang nduweni ciri khas basa pesisiran ora kaya basa ing keraton. Biasane suluk kuwi ngemu babagan agama, Katitik saka isine SR wigati banget kanggo diteliti jalaran ngandhut pamawas kang luhur ngenani agama Islam.

Saka andharan sadurunge, wis dijlentrehake wigatine babagan ajaran tumrap manungsa. Mula saka iku aspek ajaran kang kinandhut ing njerone naskah uga bakal dijlentrehake ing panaliten iki. Ajaran kang dijupuk ing panaliten iki mligine ajaran ngenani syariat, tarekat, hakekat, lan uga makrifat. ajaran tumrap Agama saka kaca pandelenge kaum sufi sing bakal dianailis luwih rowa. Sesambungan karo bab mau, ing laporan panaliten iki diwenehi irah-irahan Ajaran Sufisme Sajrone Suluk Rancang.

#### Underane Panliten

Sipat Sufisme ora bakal tuwuh sajroning manungsa, nalikane ora ana *idrak silabillah* utawa sesambungan karo Gusti Allah SWT. Ana telung perkara kang bakal nylametake manungsa saka pasiksan. Kaloro urip prasaja ora ngluwihi wewatesane *haram*. Katelu ora seneng lan ridha amarga Allah (Nawawi, 1995:29). Perangan iku dadi bebukaning perkara nalikane manungsa kepingin mulya ana donya lan akhirat. Kanthi andharan ana ndhuwur perkara kang bisa diwedharake kaya mangkene::

- 1) Kepriye Karakteristike Suluk Rancang?
- 2) Kepriye ajaran sufisme sajroning Suluk Rancang?
- 3) Kepriye pigunane ajaran sufisme sajroning Suluk Rancang tumrap bebrayan?

#### Watesane Panliten

Wewatesane panliten iku kanggo nggampangake panliten iki. Saliyane iku wewatesane panliten iki bisa ora nggrambyangake panliten. wewatesane panliten iki sepisan basa kang dinggo sajrone suluk rancang yaiku nggunakake basa ngono. Kapung pindho, punjere perkara ngenani ajaran sufisme kang kaperang dadi sareat, tarekat, hakekat, lan makrifat. Dene ngenani pigunane

ajaran sufisme suluk rancang ing bebrayan supaya tambah anggone ngibadah..

#### Panjentrehe Tetembungan

Tetembungan ing ngisor iki dadi kunci lan bakal akeh dirembug sajrone panliten. Ing kene diandharake supaya mengkone pamaos bisa luwih gampang anggone mangerteni kang bakal dirembug.

- 1) Piwulang : Ajaran, panggulawentah. Ajaran iku ngandhut nilai-nilai moral kang luhur ngemot pamikiran-pamikiran ngenani panggulawentah moral kanthi becik miturut sawijining bangsa tartamtu, (Purwadi, 2007:iii) caraning manungsa kanggo nuntun tumindake awake dhewe supaya laras karo nilai-nilai ing sajrone masyarakat lan kabudayan (Hasbullah, 2005:1)
- 2) Suluk : salah sawijining reiptan sastra jawa kang isine ngandhut piwulang kerokhanian asipat sufistik
- 3) Sufisme : paham kanggo meruhi sejatine Pangeran. Haeri (2000:1) ngandharake sufisme mujudake sawijining paham kang biasane digayutake karo olah kajiwane manungsa kanggo nggayuh sejatine pangeran. Sufisme minangka ruhe Islam, kang tuwuh klawan anane kasadharan manungsa.
- 4) Sarengat : Sarengat kang uga sinebut kanthi tembung syariat yaiku aturan kanggo nyedhakake manungsa klawan Allah kanthi nglakoni rukun islam lan ngupaya golek pangupajiwa kanggo nyukupi kabutuhan uripe kanthi nggatekake halal lan mubah, uga ngedohi barang kang haram (Mul Khan, 2002: 184).
- 5) Tarekat : Dalan, cara utawa metode. Tarekat tegese nindakake ibadah kanthi sakhusyuk-khusyuke. Nindakake tarekat kudu ana guru kang mbimbing, amarga sajrone tata cara ngibadah uga akeh variasi, kayata sajrone dzikir, ndonga, tanduk, lan sapanunggal. Mula tarekat dadi aliran kang khas lan jenenge uga minangka asmane wong kang ngadegake sepisanan, kayata tarekat Qodiriah kang dipimpin dening Syekh Abdul Qodir Al Jaelani (Sudardi, 2003:7).
- 6) Hakekat : Trap-trapan sajrone tasawuf kanggo ngadhepi bebener. Trap-trapan iki nuduhake ngrembakane kesadharan ngenani hakekate donga lan manambah marang Gusti kanthi pamahaman kang jero (Endraswara, 2003:128).
- 7) Makrifat : Kawruh kang dipikolehi lumantar akal, tumrap wong sufi minangka peparangan utawa

rahmat saka Allah minangka sawijine kabisan kanggo meruhi lan nyawang Allah kanthi tanpa anane wasilah saka asma lan sipat-sipate Allah kasebut (Mul Khan, 2002:54)

### TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten ngenani naskah butuhake teori-teori panyengkuyung. Teori-teori panyengkuyung iku bisa saka buku-buku asli reiptane para ahli ing bab sastra lawas. Uga dibutuhake *referensi* saka panliten sadurunge, kanggo tolak ukur panaliten iki.

#### Tintingank Struktural

Tintingank struktural minangka salah sawijining trap-trapan ing karya sastra kang kudu dilakoni supaya karya sastra kasebut bisa kawawas kaendahane lan saka trap-trapan iku karya sastra bisa nduweni teges kang *optimal* kaya dene ing ngelmu basa, kang ngandharake menawa ngelmu struktur basa yaiku syarat kanggo panliten sosiolinguistik, psikolinguistik, psikolinguistik, ilmu sejarah lan liya-liyane (Teuw, 1993:61).

Tintingank struktural mujudake tintingank intrinsik, yaiku ngandharake karya kasebut ing unsur-unsur kang dadi wewenange karya sastra saka njero. Tintingank kasebut nintingi karya sastra minangka karya otonom lan uwal saka latar belakang sosioal, sejarah, biografi pengarang lan sakabehane bab kang manggon ing sajabane karsa sastra (Satoto, 1993:32).

Tintingank struktural nyoba ngandharake sesambungan lan fungsine saben-saben unsur karya sastra kang mujudake tintingank intrinsik, yaiku ngandharake karya kasebut ing unsur-unsur kang dadi wewangune karya sastra saka njero. Sastra ngonceki relevansi utawa sesambungan unsur-unsur kanggo mujudake kebulatan makna. Unsur-unsur struktur kang ditintingi sajrone panliten struktural iki yaiku struktur tembang macapat kang ana sajrone suluk rancang.

#### Tembang Macapat

Tembang macapat yaiku reiptan kang nduweni ciri-ciri tartamtu yen maca kudu dilagokake (Padmosoekotjo, 1955: 21). Miturut Purwadarminta (1939:299) tembang macapat yaiku tembang kang kaiket karangan awewaton guru gatra, gurui lagu, lan guru wilangan. Dene miturut (Padmopuspito sajrone Suwardi Endraswara, 2010:9) tembang macapat asale saka macane papat-papat. Iki isa dinalar, krana sajrone nembangake mesthi *Silabik*.

#### Naskah Jawa

Miturut Padmosoekotjo (1953:10) kasusastran iku kagunan kanga di luhung lan edi peni kang meenehi isi kaendahaning basa Jawa. Kasusasteraan jawa kaperang dadi patang andharan (1) ora ngemungake kang

katulis wujud buku utawa layang, uga kang kaucapake lisan, (2) ora ngemungake kang katulis nganggo sastra Jawa, uga kang katulis nganggo aksara Latin utawa Arab, (3) ora ngemungake kang kakarang dening wong Jawa tulen, uga kang karipta dening bangsa manca, (4) ora ngemungake kang kababar ana ing tanah Jawa, uga kang diwetokake ana ing manca Negara. Cekak-cukupe kabeh isi kaendahane basa Jawa ya kalebu kasusasteraan Jawa.

Miturut Purnomo (2011:8) sastra Jawa iku wujud *pewahyaan* manungsa Jawa. Dene wong Jawa iku nganut *Sistem* pambiji adhedhasar sesambungan *estetis*, antarane manungsa, alam, lan alam semesta (Purnomo, 2011:5). Amarga wujud lan pojok pandulu iku maneka warna, mula Wujud-wujud sastra iku dadi maneka warna. Purnomo (2011:11) ngandharake minangka *pewahyaan* utawa *realisasi eksistensi* manungsa Jawa, perkara ana bobote apa ora, becik apa ora, *kreatif* utawa ora, gumantung saka pangriptane.

#### Tasawuf

Tasawuf miturut Said (1982:9) yaiku teges kang digayutake karo golongan kang fakir sing ora nduwe omah, utawa ahli *suffah*. Dene *suffah* iku tegese emperan masjid, kang dimaksud emperan masjid nalika para sakabat Nabi manggon ana sakiwa tengene Masjid. Menawa dideleng saka sejarah Hijrah Nabi menyang Madinah. Pawongan iki ana sing ngandharake asale saka Mekah Al Mukaromah. Panemu liya diandharake (Dr. Ibrahim Hilal sajroning Said 1982:11) negesake tasawuf iku milih dalan urip kanthi *zuhud*, ngedohake awake saka gumebyare donya sakabehe wujud. Diandharake tasawuf iku kaya dene ngibadah, wirid, lan luwe, melek nalikane wengi kanthi ngakeh-akehake sholat lan wirid, saengga dadi lemah jasmanine sajroning awake pawongan lan tansaya kuwat unsur rohanine. Miturut Said (1981:95) ngandharake tasawuf iku nduweni telung isi. Yaiku babagan *tasawuf akhlak*, *tasawuf amali*, lan *tasawuf filsafat*.

#### Ibadah

Miturut Afandi (2002:90) nerangake ibadah iku taat sadhuwur-dhuwure marang Allah SWT. dadi hamba kang tansah manut karo Allah SWT nalika nglakoni prentah lan ngadohi larangan. Isine ibadah iku nyerahake kanthi sakabehe marang Allah SWT. Saliyane iku Afandi (2002:91) nerangake ngenani ibadah minangka konsekuensi saka iman marang Allah SWT kang kinandhut sajroning shahadat. Ibadah tujuwane kanggo nyucekake jiwa lan nyedhak karo Allah SWT. Sakabehane tumindhake wong Islam kagolong ibadah marang Allah SWT. Ibadah miturut Afandi (2002:91) kaperang dadi loro, yaiku : (1) ibadah *mahdah* ibadah



kang langsung marang Allah SWT, (2) ibadah *ghairu mahdah* iku kajng realisasi menyang manungsa, marang awake dhewe lan diniatake among kanggo Allah SWT wae.

### **TATA CARANE PANLITEN**

Panliten iki kalebu panliten linguistik dheskriptif. Titikan saka panliten dheskriptif, yaiku njlentrehake konstituen-konstituen ujaran lan sesambungane ngenani semantik, sintaksis, lan fonologi, lumrahe awujud wujud gramatikal utawa variabel (Kridalaksana, 2008:47).

Dhata panliten iki yaiku sesuluh pitakon ing basa Jawa Banyuwangen, lan sumber dhata panliten iki yaiku ukara pitakon ing pitakon basa Jawa Banyuwangen. dhata ing panliten iki diklumpukake nggunakake metodhe semak lan cathet. Miturut Mahsun (2012:93) teknik cathet yaiku nyathet dhata-dhata sing wigati. Teknik cathet digunakake minangka wujud tumindak nyathet dhata ing kartu dhata sing wis kacawisake lan dibacutake miji-miji utawa ngandharake dhata kasebut (Sudaryanto, 1993:23).

Sawsie dhata diklumpukake banjur dijlentrehake nggunakake metodhe dhistribusional utawa agih. Metode dhistribusional yaiku metodhe njlentrehake dhata kanthi perangan saka basa kuwi dhewe dadi perangan sing nemtokake analisis (Sudaryanto, 1993:15). Metodhe dhistribusional dinggo kanggo njlentrehake wujud, guna, lan kalungguhan Sesuluh pitakon ing basa Jawa Banyuwangen.

Sawise diklumpukake lan dijlentrehake, dhata kasebut banjur disuguhake awujud jlentrehan asil panliten. Tata cara nyuguhake dhata sing digunakake ing panliten iki yaiku tata cara nyuguhake dhata kanthi cara formal lan informal, jalaran panliten iki anggane nyuguhake dhata ngunakake angka-angka lan lambang-lambang, lan nggunakake tembung-tembung sing lumrah supaya bisa dimangerteni lan dipamahi dening pamaca.

### **METODHE PANLITEN**

Sajrone bab metode panliten iki panliti bakal ngandharake ancangan panliten, data lan sumber datam instrumen pengumpulan data, metode lan teksnik lan tata cara pangumpulane data, uga pangolahe data lan tata cara nulis asile panliten.

#### **Ancangan Panliten**

Bab iki ngandharake sakabehe babagan ngenani naskah sing diteliti. Panaliten iki arupa analisis ngenani unsur intrinsik lan ekstrinsik, minangka panliten sastra. Diarani panaliten sastra amarga njlentrehake salah sawijining karya sastra (ing kene sastra lawas) kanthi nganalisis teks sastra. Asil nganalisis teks sastra iku bisa arupa nalai-nilai kang kinandhut sajrone teks sastra iku mau.

Sajrone panliten iki ditindakake suntingan teks nggunakake *edisi standar*. Suntingan *edisi standar* yaiku cara nyunting kang mbenerake ejaan marang teks sajrone naskah uga menahi komentar supaya pamaos gampang anggane mangerteni isine. Anggane mbenerake ejaan kudu mangerteni pranatan kang ana.

#### **Dhata lan Sumber Dhata**

Sumber dhata sajrone panaliten sastra awujud naskah, kang karakit saka tembung-tembung, ukara, lan wacan, Ratna (2011:47). Saka andharan mau, ketara yen dhata ing panaliten iki arupa naskah, mligine naskah lawas. Dhata kang utama yaiku sakabehe tembung-tembung kang ana ing sajrone teks naskah SR kang awujud tembang macapat.

Suluk rancang kang dadi bahan panliten iki asale saka salah sawijine Museum, yaiku Kambang Putih kanthi alamat Jl. Kartini No. 3 Kelurahan Kutorejo, Kecamatan Tuban, Kabupaten Tuban Jawa Timur. Serat iki kaserat mawa aksara Jawa, asil tulisan tangan, wujud tembang macapat.

#### **Teknik lan Prosedur Pangumpulan Dhata**

Metode lan teknik panliten ing ngisor iki diajab bisa nyengkuyung panliti nliter naskah. Amerga perlune kanggo ngandharake naskah Suluk Rancang. supaya bisa cetha, gampang, lan bisa ditrima dening pamaos. Mula perlune ditindakake upaya-upaya kang gegayutan marang metode lan teknik panliten. Kaya tata cara nglumpukake data lan tata cara pangolahe data.

#### **Tata Cara Nulis Asile Panliten**

Tata cara panulisan panliten ing kene saka panliti dieprang dadi bab lan sub bab. Diwiwiti saka bab I-V supaya runtut anggane nyuguhake asil saka panliten kang awujud laporan ilmiah utawa skripsi. Ana kaya mangkono kuwi wis ana paugerane. Anane laporan lan uga dadi tujuwan saka panliten yaiku *Ajaran Sufisme Sajrone Suluk Rancang*.

### **ASIL PANINTHINGE DHATA**

#### **Karakteristik Suluk Rancang**

Karakteristik sing dikarepake ing kene yaiku asal usule suluk kayata apa kang dadi irah-irahane suluk, kepriye panulisane suluk, lan isine suluk kaya apa. Karakteristike suluk kabeh bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

#### **Irah-irahane Naskah**

Naskah kang dinggo panliten iki nduweni kawigaten luwih tumrap panliti. Naskah iki nduweni irah-irahan Suluk Rancang. Irah-irahan iku mau ana ing sajrone katalog ing museum Kambang putih kanthi alamat Jl. Kartini No. 3 Kelurahan Kutorejo, Kecamatan Tuban, Kabupaten Tuban

### Panulisane Suluk

Suluk Rancang ditulis nanging Aksara Jawa awujud tembang macapat. Wujud Suluk Rancang iki yaiku tembang macapat ana 16 pupuh. Pupuh kasebut kaperang kanthi pupuh I Asmaradana, Pupuh II Sinom, Pupuh III Kinanthi, Pupuh IV Dhandhanggula, Pupuh V Asmaradana, Pupuh VI Dhandhanggula, Pupuh VII Kinanthi, Pupuh VIII Asmaradana, Pupuh IX Dhandhanggula. Pupuh X Asmaradana, Pupuh XI Sinom, Pupuh XII Dhandhanggula, Pupuh XIII Pangkur, Pupuh XIV Durma, lan pungkasan utawa Pupuh XV yaiku Mijil.

### Isine Suluk

SR iki awujud tembang macapat kang ana 16 pupuh. Dene urutan pupuh lan isine sajrone SR iki kaya ing ngisor iki.

#### Pupuh Asmaradana

Ing pupuh kawitan iki nggambarake rasa ngucap puji syukur ing ngarsane Gusti Allah kang maha welas asih ing donya tumekane akhirat, lan uga konjuk dhumateng Nabi Muhammad kang wis rumeksa para umate saka jaman jahiliyah nganti padhange jaman. Tuladhane kaya pethilan ing ngisor iki.

Ingsun miwiti amuji,  
Anyebut nama hyang susma.  
Kang murah ing donya mangke.  
Tembe asih ing ngakerat  
Kang pinuji tan pegat  
Kang rumeksa ngalam iku  
Iya sih nabi mukamat .  
(SR, Pupuh 1 Asmaradana pada 1)

#### Pupuh Sinom

Dumadine manungsa ing ngalam ndonya diandharake sajrone kitab suci Al-quran ing surat Al hijr ayat 28 :

وَإِذْ قَالَ رَبُّكَ لِلْمَلٰٓئِكَةِ اِنِّيْ خَالِقٌ بَشَرًا مِّنْ صَلٰٓصٰلٍ مِّنْ حَمَٔ  
مَّسْنُوٓنٍ

*wa iz qala rabbuka lil-mala`ikati inni khaliqum  
basyaram min salṣālim min ḥama`im masnun*

Artine: eling-eling rikalane gustimu paring dhawuh mring malaekat “satenane aku bakal nyipta manungsa saka lempung garing lan dibentuk”. Ing sajrone ayat suci Al-Quran kasebut njlentrehaken dumadine manungsa asale saka lempung diparingi daya pangaribawa karo gusti Allah. Iki tertamtu ditindakake dening gusti Allah marang manungsa sepisanan yaiku kanjeng Nabi Adam. Sabanjure kuwi anane manungsa krana anane proses biologis.

Allah tingalah ngandika  
Dina jumuwah miwiti  
Mulane dina jumuwah  
Tatkala nira punika  
Allah di dadeaken nabi  
Nabi Adma ing dina iku

nulis sedina punika  
Allah tangala ( )  
( ) ngelairaken pati punika.  
(SR, pupuh 2 sinom pada 1)

#### Pupuh Dhandhanggula

Tembang dosa asale saka basa sansekerta, dene basa arabe yaiku az-zanbu, al-ismu, utawa al-jumru miturut istilah ulama fukaha (ahli hukum Islam) dosa yaiku ora nglekanakake perintah Allah SWT kang hukume wajib lan ngleksanakake larangan kang hukume haram.

Gusti Allah paring dhawuh sajrone Quran surat Al-maidah ayat 90 kang unine kaya mangkene :

يٰۤاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا اِذْ مَا الْخَمْرُ وَالْمَيْسِرُ وَالْاَلۡتۡصَابُ  
وَالۡاَزۡلَامُ رَجَسٌ مِّنْ عَمَلِ الشَّيۡطٰنِ فَاَجۡتَنِبُوْهُ لَعَلَّكُمْ  
تُفۡلِحُوْنَ

*yaa ayyuhaa alladziina aamanuu innamaa  
alkhamru waalmaysiru waal-anshaabu waal-azlaamu  
rijsun min ‘amali alsyaythaani fajitanibuuhu  
la’allakum tuflihuuna*

“he wong kang nduweni iman, satenane ngombe khamar utawa arak, main, korban kanggo patung, totohan yaiku panggaweyane setan. Mula adohana panggaweyan kang kaya mangkono supaya sira oleh kabegjan”. Iki uga kinandhut sajrone SR pupuh Dhandhanggula pada 8 kang unine kaya mangkene

( )

Duk kalahne dosa setan.  
Aku tetelu kathahe.  
Amangan karam iku  
Ana malih cegahi iki .  
Mangan sebab iya.  
Iku nora patut.  
ngucaha nora kira kira.  
datan ngucap ,riya kibir sumengah singih .  
Salin sekar kasmaradana.  
(SR, Pupuh 4 Dhandhanggula pada 8)

#### Pupuh Asmaradana

Pupuh kaping lima yaiku Asmaradana. Ing pupuh iki kabeh kang maca SR diajak aja sok gampang ngelokake apa kang dadi isine SR. yen durung weruh apa kang dadi suraose suluk takona marang wong kang luwih ngerti, supaya wong iku mau ora kesasar anggone golek ilmu.

Inggang maca layang iki  
Aja tungkul adol suwara  
Rasakene ing rasane  
Kang kocap muni ing laya  
Yen tan weruh tetakona  
Mring wong tuwa kang disebut

Kang luwih wikya ing sastra  
(SR, Pupuh 5 Asmaradana, Pada )

### **Pupuh Dhandhanggula**

Ing bebrayan ngaji iku tegese maca kitab suci Al-Quran, satenane ngaji kang dikarepake ing pangripta iki yaiku maca. Sapa wae kang ngawruhi utawa ngaji suluk rancang iki bakal antuk kabegjan ingkang gedhe saha kanugrahan. kabeh diandharake ing pupuh 6 pada 7 tembang dhandhanggula ngisor:

Iya sapa ingkang ngawruhi.  
Surasane kang mustaka rancang.  
Iku gedhe ing bejane.  
Antuk nugrahan iku.  
Lawan awasa ing kitap adi.  
Apan mustaka rancang.  
tan beda puniku.  
Lawa saka isine kitap.  
Ngalam kabir ngalam sagir amepeki.  
(SR, pupuh ^ Dhandhanggula pada 7)

### **Pupuh Kinanthi**

Shalat minangka kewajiban kang kudu dilaksanakake umat Muslim saben limang wektu ing saben dinane minangka wujud rasa syukur lan keimanan marang Allah SWT. Sajrone nglaksanakake shalat kabeh aspek kayata waras lair batin. Nglaksanakake shalat minangka kesadaran diri kanggo nyembah marang gusti Allah SWT. Sakbanjure kanthi rukun utawa tata cara nglaksanakake shalat kuwi dhewe (Wratsongko, 2006). Iku mau kaya kang ana sajrone pethilan ngisor iki.

Sukune salat puniku  
maca patekah puniki.  
Lan salamungalaeka.  
Mulane ana puniki.  
Wektu luhur aksaranya.  
Puniku dipun nestati.  
(SR, Pupuh 7 Kinanthi pada 2)

Pethilan ing nduwur ngandharake tata cara shalat. Sepisanan yaiku *takbiratul ikhram* banjur maca donga *Iftitah* lan *Al-fatihah* nganti tumekane pungkasan shalat maca *Tasyahud Akhir* banjur maca Sholawat nabi kang pungkasan yaiku salam.

### **Pupuh Asmaradana**

Tegese iman lan tokit.  
Kang iman pangasto nira.  
Ngestonaken pengerane.  
Ajejuluk ingkang ngesah.  
Datan wonten ingkang liyan.  
Tan ana tetelu.  
Amung Allah ingkang tunggal.  
(SR, Pupuh 8 Asmaradana pada 8)

Pupuh ing ndhuwur ngandharake tegese iman lan tauhid. Iman iku tegese percaya dene tauhid utawa wahid kang tegese siji. Ing agama Islam tauhid iku kapitayan ngenani esane Gusti Allah lan ora ana tunggale. Amung gusti Allah kang maha tunggal.

### **Pupuh Dhandhanggula**

Zakat yaiku saperangan bandha kang wajib dileksanakake kanggo wong kang ngrasuk agama Islam. Zakat uga kagolong rukun Islam lan uga penting kanggo njejegake sareat Islam. Kaya ing pupuh Dhandhanggula ngisor iki kang ngandhut babagan Zakat.

Kawarna awong eslam puniki  
Wajib jagat parentahe sarak  
Lamun derbe melek akeh  
Kang wajib jakat iku  
Wong eslam merdika nenggih  
Lamun derbea ontan  
Rong puluh puniku  
Jekate pun wedhus papat  
Kang kebo sapi padha lan ontan puniki  
Akeh akeh catur rira  
(SR, pupuh 9 Dhandhanggula pada 1)

Pethilan pada ing ndhuwur iku nuduhake kewajibane wong Islam nindakake Zakat. Wong kang wajib mbayar Zakat yaiku wong kang merdika tegese wong kang mampu. Saumpamane wong kang nduwe ontan rong puluh zakat kang wajib dibayarake yaiku wujud wedhus cacah papat. Semana uga kang nduweni kebo lan sapi cacah rong puluh zakate padha.

### **Pupuh Asmaradana**

Seyektine kang dingendhikakake dening rasullullah ngenani lakune wong kang saleh utawa salehah iku luwih utama yen ta wong wadon ngestokake dhawuhe bojone. Beda maneh wong wadon mbadal dhawuhe bojone, iku ginanjar neraka. Iki kaya kang ana ing Pupuh 10 Asmaradana pada 1 ngisor iki.

Kawarna den sayekti  
Andikane rasullullah  
Kang dadi saleh lakune  
Anenggih luwih utama  
Ewong wadon ngelakonan  
Tinimbang wong wadon sawu  
Wano ingkang ngawula  
(SR, Pupuh 10 Asmaradana pada 1)

### **Pupuh Sinom**

*Khamar* tegese yaiku omben-omben kang nggawe wong sing ngombe ora sadhar diri. ing tanah Jawa *khamar* iku diarani arak utawa ciu. Rasullullah ngendhika “kabeh sing nggawe mendem iku *khamar* lan kabeh *khamar* iku haram” (HR. Muslim lan Daruquthni). Pada ing ngisor iki ngandharake ngenani wong kang inum-inuman ngrusak *saraf nadi*, mula saka kuwi aja pisan-pisan ngombe arak yen gak pengin awakmu lara.



Ingang padha ing ngonira  
Pelala ninggih sami  
Apa dene inum inuman  
Asiha nadipun sami  
Lan penganggone malih  
Dipun sami ingkang patut  
Lan gilirane pisan  
Aja nganggo anedom milih  
Yen tan adil iku agung donira  
(SR, Pupuh 11 Sinom pada 1)

Pada ing ndhuwur uga ngandharake wong kang tumindhak ora adhil. tumindhak kang kaya mangkono iku dosa. Dadi, omben-omben lan tumindhak ora adhil ora diakoni umate kanjeng nabi ing dina kiyamat mbesoke lan ora oleh safaate nabi. Kaya kang ana ing pada 2 pupuh 11 sinom ngisor iki, Mula saka kuwi tobata njaluk pangapura mring gusti supaya oleh safaate kanjeng nabi.

### **Pupuh Dhandhanggula**

*Fiqih* miturut basa nduweni teges yaiku “pahaman” utawa ngerti. Kaya ing firmane gusti Allah “mula ngapa wong-wong (*munafik*) ora ngerteni cecaturan senadyan saithik” (QS. An Nisa: 78) lan sabda Rasulullah shallallahu ‘alaihi wa sallam “satenane dawane shalat lan cendhake khutbah seseorang minangka tandha kepemahaman” (Muslim no 1437, Ahmad 17598, Daarimi no 1511). Dene miturut istilah fikih yaiku ilmu ngenani hukum syariat sing nduweni sesambungan antarane tumindhak karo pangucap mukallaf (pawongan sing wajib nindhakane syariat agama), sing dijupuk saka dalil-dalile kang sifate *terperinci*. Arupa nash-nash Al-Quran lan As sunnah. Ing pupuh iki njletrehake wong kang manut perintahe Al Quran lan kitab fiqih.

Katuwa sing awak ingsun Iki  
aneng donya ora ketokana.  
Guru kang sampun rekane.  
Kang patut ukumipun  
kalal karam kang wus den sirik.  
Lawan sarak. ( )  
Kitap pekih iku.  
Lan madhep maring pangeran.  
Kitap usul enggone awak ing gusti patut  
lawan kitap kuran.  
(SR, Pupuh 12 Dhandhanggula pada 6)

Pethilan ing ndhuwur ngandharake begjane pawongan kang sregep ngaji. Saka eguh pratikele gurune sing wis maringake ilmu babagan hukume halal lan haram, pawongan mau wis isa nyirik babagan haram. Ilmu kang ditularake sang guru mau dijupuk saka kitab Fiqih lan kitab Alquran.

### **Ajaran Sufisme Sajrone Suluk Rancang**

Sufisme yaiku paham kanggo meruhi sejatine Pangeran. Haeri (2000:1) ngandharake sufisme mujudake sawijining paham kang biasane digayutake karo olah kajiwane manungsa kanggo nggayuh sejatine pangeran. Sufisme minangka ruhe Islam, kang tuwuh klawan anane kasadharan manungsa.

### **Syariat**

Syariat utawa ing bebrayan Jawa sinebut sarengat, mujudake tembung serapan saka basa arab yaiku syariat. Sarengat mujudake aturan-aturan hukum, aturan iman, lan undang-undang moral kang ngatur tata lakune piwulang Islam (TIM, 2011:276). Sarengat minangka aspeke hukum Islam kang asipat lair. Dadi sarengat ngatur apa bae kang ditindakake dening manungsa kang gegayutane klawan amalan-amalan laire.

Sarengat mujudake aturan kanggo ngormati lan urip laras klawan hukum-hukume agama. Paragane mistik kaum priyayi nindakake kuwajiban-kuwajiban kayata ngormati wong tuwa, guru, lan ratu, kanthi sadhar menawa anggongone ngormati wong-wong kuwi minangka wujud ngormati Pangeran. Dene kaum santri, nglakoni sarengat iki kanthi nindakake solat limang wektu kanthi tumemen. Kaum abangan uga ngormati paugeran-paugeran sosial (Endraswara, 2003:127).

Ilmu syariat yaiku ilmu kang digunakake kanggo nyedhakake manungsa klawan Allah kanthi nindakake rukun Islam. Saliyane iku uga upaya golek pangupajiwa kanggo nyukupi kabutuhan uripe kanthi nggatekake halal lan mubah, uga ngedohi barang kang haram (Mul Khan, 2002: 184).

Syariat minangka hukum-hukum dhasar sajrone nindakake agama kang dening para pangikut tasawuf didadekake pathokan ilmiah. Aspek syariat yaiku nglakoni sholat, pasa, nindakake ibadah haji, uga paugeran-paugeran liya (Sudardi, 2003:6)

### **Shalat**

Tembung sembahyang utawa shalat kanthi etimologi iku tegese donga. Dene kanthi epistemologi sembahyang yaiku ibadah kang disusun saka saperangan tembung lan tumindak kang diwiwiti takbir, dipungkasi kanthi salam, uga ditindakake miturut serat kang ditemtokake (Rasjid, 2010:53). Sembahyang mujudake salah sawijine cara masyarakat Jawa mligine kang nganut agama islam anggongone manambah marang Allah.

Miturut basa shalat asale saka basa Arab sing nduweni teges donga. Ing pangerten liyane shalat yaiku salah sawijining sarana sesambungan antarane manungsa karo Gustine minangka wujud ibadah neng njerone ana rantamaning amalan sing diwiwiti takbiratul ihram lan dipungkasi kanthi cara salam, sarta cocog karo sarat lan

rukun sing wis ditemtokake (Imam Bashari Assayuthi, 30), Shalat minangka masrahake diri (lair lan batin) marang Gusti Allah kanggo nyuwun ridhane.

Dalil ngenani kewajibane sholat katulis sajrone Al quran surat Al-baqarah ayat 43 kang unine kaya mangkene “*wa-aqiimuu alshshalaata waaatuu alzakaata wairka’uu ma’a alrraaki’iina*” lan jejegna shalatmu, bayaren Zakatmu lan rukuka karo wong-wong kang rukuk. Sakliyane kuwi uga disebutake ing surat Al-ankabut ayat 45 “*wa-aqimi alshshalaata inna alshshalaata tanhaa ‘ani alfahsyaa-i waalmunkari*” sing artine tindakna sholat, sabenere sholat iku isa nyegah saka tumindhak keji lan munkar.

Saka kabeh dalil kang ana Al-quran ing ndhuwur ana ukara prentah kang unine “laksanakna” lan “jejegna”. Saka ukara nglaksanakake iku nduweni unsur batiniyah saengga akeh wong Islam lan nindakake sholat, nanging isih tumindhak keji lan munkar. Dene tembung jejegna saliyanane ngandhut unsur lahir uga ngandhut unsur batiniyah, mula saka kuwi dheweke ora tumindak ala.

Wonten malih kawinuwus  
Bahgune ilat puniki  
Iya niyate punika  
Badane salat puniki.  
Patekah ing teges sira.  
Balung tumaninah iki.  
(SR, Pupuh 7 Kinanthi pada 1)

Sukune salat puniku  
maca patekah puniki.  
Lan salamungalaeka.  
Mulane ana puniki.  
Wektu luhur aksaranya.  
Puniku dipun nestati.  
(SR, Pupuh 7 Kinanthi pada 2)

Pethilan ing nduwur ngandharake tata cara shalat. Sepisanan yaiku *takbiratul ikhram* banjur maca donga *Iftitah* lan *Al-fatihah* nganti tumekane pungkasan shalat maca *Tasyahud Akhir* banjur maca Sholawat nabi kang pungkasan yaiku salam.

### **Pasa**

Pasa miturut basa arab yaiku ngempet saka kabeh godha kayata mangan, ngombe, nepsu, ngempet omongan kang ala lan sakpiturute. Miturut istilah yaiku ngempet saka kang mbatalake sedina suwene, wiwit saka mletheke srengenge nganti angslupe kanthi niat lan saperangan syarat (Sulaiman Rasid, 2002:220). *Shiyaam* asale saka tembung *Shaama* sing artine ngempet. Pasa miturut istilah ngempet saka godha kayata mangan, ngombe, lan sanggama kanthi linambaran niat pasa (Syekh Mutawali, 2002:4). Pasa miturut sarekat yaiku ngempet kanthi niat ngibadah saka panganan, omben,

senggama, lan hal sing mbatalake pasa wiwit jumedhule srengenge nganti surupe srengenge (Al-jaiziri, 2004)

Hadist Abdullah bin Umar riwayat Al-Bukhary lan Muslim, Kanjeng Nabi Muhammad SAW ngandharake saktenane pasa yaiku satu rukun Islam kang agung. *Islam ngadheg krana limang prekara: Syahadat La Illaha Illallah wa Anna Muhammadan Abduhu wa Rasuluhu, njejegake shalat, mbayar zakat, munggah kaji, lan pasa ing sasi Ramadhan.*

### **Zakat**

Miturut Abdurrahman Qadir (2001:62) zakat asale saka tembung *Zaka* sing nduweni makna *al-numulu* (nuwuhake), *al-ziyadah* (nambah), *al-barakah* (mberkahake), lan *at-thahir* (nyucekake). Zakat yaiku ibadah wajib kang ditindakake kanthi cara menehake saperangan bandha kanggo wong liya kang patut nrima miturut sarekat islam (Kartika Sari, 2006:10).

Zakat fitri minangka zakat jiwa kang tegese zakat kang wajib dibayar saben pawongan sing agamane Islam lan dibarengi kanthi ibadah pasa ing sasi Ramadhan. Zakat fitri wajib dibayar sadurunge sembahyang ied nanging ana uga kang ngolehake mbayar ing satengaha sasi pasa. Zakat fitri sing dibayarne manut apa sing dipangan neng wilayah kono, kanthi takeran sing dipasne karo timbangan uga bisa diganti nganggo dhuwit.

Zakat mal miturut madhhab syafi’i zakat mal yaiku bandha kang diwenehake kanthi cara mligi (Ismail Nawawi, 2013:70). Miturut syafi’i zakat mal kaperang dadi loro yaiku kang sepisan sesambungan karo nilai kang kapindho sesambungan karo barang kuwi dhewe. Dene miturut Madhhab Hambali zakat yaiku saperangan bandha kang kudu diwenehake kanggo wong kang pantes nampa.

Saka pirang-pirang pangerten ing ndhuwur isa diringkes yen zakat minangka bandha umat, saka wong kang wajib mbayar neng wong kang kudu nampa. Zakat isa ngresiki jiwane para *Muzakki* saka sipat-sipat kikir, tamak, lan ngresiki dosa. Kanthi cara dianakake zakat masyarakat isa makmur sarta kacukupan.

Kawarna awong eslam puniki  
Wajib jagat parentahe sarak  
Lamun derbe melek akeh  
Kang wajib jakat iku  
Wong eslam merdika nenggih  
Lamun derbea ontu  
Rong puluh puniku  
Jekate pun wedhus papat  
Kang kebo sapi padha lan ontu puniki  
Akeh akeh catur rira  
(SR, pupuh 9 Dhandhanggula pada 1)

### **Bale Wisma**



Bale wisma tegese yaiku panggonan urip ana kulawarga utawa rumah tangga. Mangun bale wisma minangka sawijine kewajiban lan sunah rosul ing agama islam. Manungsa ing donya ana lanang lan uga wadon kang urip bebarengan lan padha butuhake siji klawan sijine. Kanggo njangkepi sajrone urip bebrayan mula bale wisma iku perlu ditidake.

Mangun bale wisma kudu tansah setya marang janji suci saka kalorone kanthi dhasar tuntunan agama. Apa wae kang ditidake wong loro kuwi ing ngalam ndonya kudu cundhuk marang sarekat agama. Tujuwane manungsa mangun bale wisma salah sawijine supaya ora nindakake zina kang dilaknat dening Allah. Mula, mangun bale wisma nduweni bebathen lan tujuwan kang becik tumrap manungsa ing bebrayan.

Seyektine kang dingendhikake dening rasullullah ngenani lakune wong kang saleh utawa salehah iku luwih utama yen ta wong wadon ngestokake dhawuhe bojone. Beda maneh wong wadon mbadal dhawuhe bojone, iku ginanjar neraka. Iki kaya kang ana ing Pupuh 10 Asmaradana pada 1 ngisor iki.

Kawarna den sayekti  
Andikane rasullullah  
Kang dadi saleh lakune  
Anenggih luwih utama  
Ewong wadon ngelakonan  
Tinimbang wong wadon sawu  
Wano ingkang ngawula  
(SR, Pupuh 10 Asmaradana pada 1)

#### Tarekat

Tarekat asale saka tembung arab yaiku *thariqat*, tegese yaiku dalan, kaanan, aliran. Tarekat ditegesi kumpulane cara-cara kang asipat pamahaman, lan upaya kang bisa nggawa menyang tingkatan hakekat, utawa samubarang kang bener. Nata (2003:270) ngandharake tegese tarekat yaiku dalan utawa pituduh sajrone nindakake ibadah kang laras klawan piwulang kang ditidake dening Nabi Muhammad. Piwulang kang uga ditidake dening para sahabat-sahabate, tabi'in, tabi'it tabi'in kanthi turun-turunan nganti tumeka marang guru-guru ing jaman saiki.

Kalangan sufi mawas tarekat minangka sistem sajrone nindakake olah kajiwan, kanggo ngesiki dhiri saka sipat-sipat kang ala dadi sipat-sipat kang becik. Saliyane iku uga ngakeh-akehi dzikir kanthi ikhlas mung diniyati bisa pepanggihan klawan Gusti Allah kanthi cara nyawiji antarane ruhiah klawan Gusti Allah (Nata, 2003:270).

Tarekat minangka pamulangan ngenani kepriye carane nyucekake dhiri lumantar ngibadah, yaiku kanthi cara ngadohake saka gumebyaring donya(zuhud) kanggo nggayuh kabagyan lan kaslametan selawase. Tarekat uga ditegesi minangka metode lakune para ahli tarekat

tumuju marang Gusti kanthi cara nyucekake dhirine lumantar bimbingane Syekh utawa *mursyid*. *Mursyid* minangka guru pambimbing rohani kang nggulawenthah lan mbimbing murid-murid sufi sajrone laku tapa.

Wonten malih puniku  
ingkang sipat kalih desi.  
Kang manjing sipat iku songa  
( )kathahne ki  
Kodrat iradat punika  
ngelmu kayat iku malih.  
(SR, Pupuh 7 Kinanthi, Pada 28)

Tarekat arane iku.  
Kodrat murid ngaliman ki.  
Kayak wahkedaniyat ika.  
Wus sapurna sedayane ki.  
Wajib samingan wruhana  
( ) ki tinangkil  
(SR, Pupuh 7 Kinanthi, Pada 29)

#### Hakekat

Sawise tarekat, para sufi wis tumeka ing trap-trapan hakekat. Ing trap-trapan iki bakal tuwuh kabisan ing dhirine sufi uga kesadharan tumrap realitas ghaib kang sadurunge durung dingerteni. Sajrone hakekat iki wong sufi dianggep bisa mangerteni barang-barang kang gaib kayata bisa ndeleng setan, krungu suwarane malaikat, mangerteni apa kang durung kedadeyan, lan bisa mangerteni sejatine samubarang. Wong sufi ing trap-trapan iki kudu ngreksa hawa nepsu, krana menawa nganti kagodha, dalan kang wis dilewati bakal siya-siya krana wis mlebu dalan kang salah (Sudardi, 2003:7). Kaya kang ana ing pethilan ngisor iki :

Kakekat asalna iku.  
Sanging angin ruh jan mani.  
Kipat iku asalnya  
sanging geni ruh ilapi.  
Data serengat punika.  
pengucape palosane ki  
(SR, Pupuh 7 Kinanthi, Pada 15)

Dati tarekat puniku.  
Ngesoaraken badane ki.  
Date kakekat punika.  
Ilangaken nepsune ki.  
Nepsu luwamah punika.  
Lawan amarah puniki.  
(SR, Pupuh 7 Kinanthi, Pada 16)

#### Makrifat

Makrifat mujudake kawruh kang dipikolehi lumantar akal kang tumrap wong sufi minangka

peparingan utawa rahmat saka Allah. Rahmat iki minangka sawijine kabisan kanggo meruhi lan nyumurupi Allah kanthi tanpa anane wasilah saka asma lan sipat-sipate Allah kasebut (Mulkhan, 2002:54).

Ketaatan tumrap sekabehe syariat kadhangkala ndadekake manungsa wis ngrasa cukup tanpa nglakoni dalam makrifat, saengga kadhang ndadekake lali. Awan bengi tansah ngumpulake bandha donya, nggoleki kalungguhan kang bisa nggedhekake kakuwasane. Dalam uripe mung kaya mesin krana syariate mung ditindakake adhedhasar wektu. Ing wektu-wektu tartamtu nindakake sholat, saben taun budhal haji, zakat mal diwenehake saben taun. nanging kadhangkala dheweke lali lan nglalekake ora gelem nulung sapidha-padha kang nandang kasangsaran.

Date makripat puniku.  
Ngenengaken tingalne ki.  
Tan liyan ingkang ketal.  
Amu anana yang widi.  
Punika den kawruhana.  
Penganggone den petitis.  
(SR, Pupuh 7 Kinanthi Pada 17)

### **Pigunane ajaran sufisme sajroning Suluk Rancang tumrap bebrayan**

*Suluk Rancang* ngandhut ajaran sufisme kang kenthel banget. Ajaran utawa piwulang sufisme iki dileksanani nduweni ancas kanggo bisa manunggaling kawula gusti. Ajaran sufisme kang dileksanakake sing ana sajrone *Suluk Rancang* yaiku shalat, pasa, zakat, mangun bale wisma, halal lan haram, tirakat, lan slametan. Saliyane kuwi, saperangan bebrayan ngleksanakake piwulang iki mesthi amarga nduweni piguna tumrap dheweke.

### **Shalat**

Shalat mujudake salah sawijing tanggung jawab tumrap saben muslim. Sawijining amalan agung kang nduweni peran penting tumrap kaislamane hamba. Saengga Kanjeng Nabi *Shallallahu 'alaihi wa sallam* ngupamakake shalat kaya saka guru sajrone omah joglo (Alfidy, 2017). Kanjeng Nabi dhawuh yen Islam kuwi dibangun saka limang bab, salah sawijine yaiku ngleksanakake shalat. Mula, nalika *muadzin* adzan, kaum mukminin bareng-bareng mlebu mejid, wudhu, banjur baris ing saburine imam. Pigunane shalat yaiku:

1. Shalat minangka syarat takwa  
Takwa minangka bab kang wigati ing Islam krana isa nemtokake amal utawa tingkah laku manungsa, wong-wong kang temenan takwa ora bakal nindhakake laku keji lan munkar sumana uga sewalike. Salah sawijine syarat pawongan kang

temenan takwa yaiku ngleksanakake shalat kang wis difirmanake dening gusti Allah SWT ing surat al baqarah.

2. Shalat minangka benteng kemaksiatan.  
Shalat minangka benteng kemaksiatan ditegesi sholat bisa nyegah keji lan munkar. Saya khusu anggone shalat saya apik bentenge kanggo ninggalake maksiyat. Nanging, yen ta anggone shalat ora khusu pawongan mau isih bisa nindhakake zina, maksiyat, maling, begal, kecu lan sapanunggalane. Kabeh kuwi wis diterangake sajrone al-quran surat al-ankabut ayat 45.
3. Shalat ndadekake pawongan apik lan jujur.  
Kanthi nindhakake shalat bisa ndhidhik tumindhak apik lan jujur. Akeh kang cilaka kanggone pawongan sing lali marang shalate. Sakliyan ndhidhik supaya tumindhak apik lan jujur shalat uga isa ndhidhik supaya tumindhak tertib.
4. Shalat isa mangun etos kerja  
Keterangan ing ndhuwur isa disimpulake yen ta shalat bisa nudhuhake pawongan kuwi apik apa elek, apik ing saben dinane uga apik ing panggon kerja. Yen pawongan kuwi nindhakake shalat kanthi khusu bakal ngaruhi ing panggaweyane, pawongan kuwi mau ora bakal nindhakake korupsi utawa ora jujur ing tugase.
5. Nindakake shalat ndhidhik supaya disiplin lan nduweni tanggung jawab  
Disiplin ing kene yaiku pas wektune shalat ya nindhakake shalat saben dina. Shalat uga isa ndadekake rasa tanggung jawab minangka kawulane gusti Allah. Wektu shalat kang uwis ditemtoake dening gusti Allah ndadekake rasa tanggung jawab.
6. Shalat ndadekake tentrem atine.  
Eling marang Allah liwat Shalat nggawa keteguhane ati lan tumindak optimis sarta ayem. Kanthi cara mangkono wong kang eling marang Gusti Allah mesthi nglakokake kelakuwan sing apik..

### **Pasa**

Pasa nduweni piguna kang akeh banget utamane ing kasarane badan. Gusti Allah janji bakal menehi berkah marang wong kang pasa. Kaya kang didhawuhake dening kanjeng Nabi Muhammad sing diriwayatake dening Ibnu Suny lan Abu Nu'aim, "*Berpuasa maka kamu akan sehat*", (Candra, 2015). Kanthi pasa, bakal entuk piguna sacara *biopsikososial* arupa sehat jasmani, rohani, lan sosial. Rahasia awak sehat kang ana sajrone pasa iki kang narik kawigatene para ilmuwan kanggo nliti maneka warna aspek kasehatan pasa kanthi cara *psikobiologis, imunopatofisiologis, lan biomolekular*. Pigunane pasa yaiku:

1. Pasa yaiku wujud saka relaksasi supaya bisa ndandani rusake sel ing njero awak..

2. Pasa bisa ngilangi racun saka awak sing dumadi saka turahan panganan sing dipangan manungsa.
3. Ora nduweni pengaruh tumrap sel getihe manungsa.
4. Pasa tumrap wong lara *diabetes tipe 2* ora nduweni pengaruh.
5. Pengaruhe apik tumrap ibu kang lali meteng lan nyusoni.
6. Pengaruhe tumrap janin apik nalika ibu kang mbobot pasa.
7. Ngedhunake glukosa lan *berat badan*.
8. Ora nduweni pengaruh tumrap kalungguhane kelenjar gondhok.
9. Ora ana pengaruh elek tumrap hormon virgisteron.
10. Migunani tumrap jantung.
11. Ndandani lan *merestorasi* kalungguhan lan kerjane sel.
12. Efektif banget kanggo ningkatake konsentrasi urin sajrone ginjal sarta ningkatake kekuwatane osmosis urin.
13. Nalika lagi pasa pranyata bisa ningkatake sistem kekebalane awak.
14. Ngedhunake maneka warna hormon salah sawijine rahasia urip bisa suwe.
15. Migunani sajrone mbentuk sperma.
16. Migunani kanggo wong lara encok utawa *rematoid arthritis*.
17. Mbenakake hormon testosteron lan performa seksual.
18. Mbenakake kondhisi mental.
19. Ningkatake komunikasi psikososial kalawan Gusti Allah lan manungsa.
20. Ngedhunake adrenalin.

### Zakat

Pigunane zakat tumrap *muzakki* (wong kang wajib zakat) lan *mustahik* (wong kang nduweni hak nrima zakat) yaiku:

1. Nulung wong kang kesusahan supaya bisa nglaksanakake kewajibane marang Allah lan uga marang makluke Allah.
2. Zakat isa ngresiki awak saka sipat kikir lan isa ndhidhik supaya bisa nduweni sipat mulia.
3. Minangka rasa syukur dumateng Gusti Allah krana diparingi
4. Njaga kadurjanan saka wong ora nduwe lan susah.
5. Mbanantu wong kang lagi mbela agama Allah.

### Bale Wisma

Mangun bale wisma kudu tansah setya marang janji suci saka kalorone kanthi dhasar tuntunan agama. Apa wae kang ditindakake wong loro kuwi ing ngalam ndonya kudu cundhuk marang sarekat agama. Tujuwane manungsa mangun bale wisma salah sawijine supaya ora nindakake zina kang dilaknat dening Allah. Mula,

mangun bale wisma nduweni mujudake ebathen lan tujuwan kang becik tumrap manungsa ing bebrayan.

Saliyane ing nduwur kuwi maeng ana maneh pigunane utawa hikmah sajrone bale wisma miturut Suluk Rancang yaiku:

1. Njangkepi tuntutan fitrah  
Gusti Allah nyiptakaken manungsa nduweni insting kanggo seneng marang lawan jinise. Lanang seneng marang wadon semana uga sewalike. Iki kabeh fitrah kang diparingake dening Allah.
2. Mujudake ketentreman lair batin  
Salah sawijining hikmah utawa pigunane wong omah-omah yaiku bisa gawe tentrem lair batin. Yen ta wong mau maca lan nulad apa kang ana sajrone suluk rancang. Amarga ing suluk mau uwis ana pugerane wong omah-omah kang becik
3. Isa nggawe wong wadon nglaksanakake tugase miturut kodrate

### Halal lan Haram

Halal tegese apa-apa kang dibenerake. Kosok baline halal yaiku haram, kang tegese apa-apa kang ora dibenerake (*dilarang*) miturut syariat Islam. Bab kang halal lan haram iki kaperang dadi 2, yaiku panganan lan tumindak. Panganan kang halal miturut syariat Islam yaiku panganan kang halal miturut kandhutane, halal proses pandhapuke, lan halal carane ngolehane panganan iku mau. Dene tumindak kang halal yaiku tumindak kang becik, kang ora nerak angger-anggere agama.

Panganan kang halal miturut kandhutane yaiku panganan kang ora mbebayani manungsa sawise dipangan. Meh kabeh panganan kang ana ing donya iki halal dipangan, nanging ana saperangan panganan kang ora halal jalaran kandhutan zat kang ana sajrone panganan iku ora apik kanggo manungsa. Tuladhane bathang, getih, lan babi.

Panganan halal miturut proses pandhapuke tuladhane yaiku mbeleh kewan kang arep dipangan kanthi nyebut asmane Gusti Allah lan ora nyiksa kewan kasebut. Carane supaya ora nyiksa kewan yaiku kudu nggunakake gaman kang landhep. Panganan kang arep dipangan ora oleh kacampur karo zat kang ora halal. Jalaran getih iku ora halal, mula nalika mbeleh kudu dipastekne yen getihe kabeh wis asat tenan. Dalan kanggo ambegan kudu pedhot tenan supaya ora nyiksa kewan kang dibeleh.

Carane ngolehake panganan iku uga bisa ndadekake halal orane panganan iku. Yen carane ngolehake panganan iku kanthi cara kang ora becik, tuladhane panganan asil colongan, mokal panganan iku halal dipangan. Dadi yen arep mangan samubarang kudu digatekake carane ngolehake.



Kenengapa saben manungsa kudu mangan panganan kang halal? Wangsulane, kaya kang wis diandharake ing ndhuwur, kandhutane panganan, prosese, lan cara ngolehake panganan kang halal iku mesthi apik kanggo awak. Halal orane panganan kang dipangan bisa mangaribawani tumindake manungsa. Yen mangan panganan halal, tumindake manungsa bisa luwih becik, luwih sabar. Dene yen mangan panganan kang ora halal, tumindake manungsa kadhangkala uga malih grusa-grusu, arep nyapo-nyapo sarwa ora jenak, lan ora kepenak. Mulane agama Islam majibake saben manungsa supaya mangan panganan kang halal.

## PANUTUP

Bageyan wekasan iki dijentrehake dudutan lan pamrayoga kanggo panliten sabanjure. Andharan luwih jangkepe mangkene.

### 5.1 Dudutan

Andharan-andharan kang wis diwedharake sadurunge, bisa dijupuk perkara-perkara kang wigati sajrone SR. Wujud lan isine SR iki awujud tembang macapat kang ana 16 pupuh. Pupuh kasebut kaperang kanthi pupuh I Asmaradana, Pupuh II Sinom, Pupuh III Kinanthi, Pupuh IV Dhandhanggula, Pupuh V Asmaradana, Pupuh VI Dhandhanggula, Pupuh VII Kinanthi, Pupuh VIII Asmaradana, Pupuh IX Dhandhanggula, Pupuh X Asmaradana, Pupuh XI Sinom, Pupuh XII Dhandhanggula, Pupuh XIII Pangkur, Pupuh XIV Durma, lan pungkasan utawa Pupuh XV yaiku Mijil. Piwulang kang diandharake ing pupuh-pupuh kasebut kayata syari'at kang ditindakake yaiku sahadat, shalat, zakat, pasa. Zakat kang ditindakake yaiku zakat kang diwenehake marang wong kang fekir miskin kang muslim. Pasa kang ditindakake yaiku pasa Ramadhan kang lakune wiwit fajar nganti angslupe srengenge.

### Pamrayoga

Saka andharan-andharan kang wis diwedhar mau, panliten iki bisa diwenehi pamrayoga kaya mangkene.

1. Tumrap kang mangerteni ajaran sufisme sajrone suluk rancang, supaya ajaran sufisme kasebut bisa diwulangake marang wong kang nduweni pepenginan mangerteni ajaran kasebut. Ora ana salaha yen ta ajaran becik diwulangake marang wong liya.
2. Tumrap kang maca panliten iki, panliten iki adoh saka sampurna, mula luwih apik menawa panliten iki bisa diwenehi panyaru. Muga-muga panliten sabanjure bisa luwih apik lan luwih nduweni bobot tinimbang panliten iki.

## KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Baried. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas UGM.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Widayatama.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: media press.
- .....2013. *Memayu Hayuning Bawana*. Yogyakarta: Narasi.
- Ghozali. 2007. *Mempertajam Mata Bathin*. Mitrappress Studio.
- Hardjowirogo. 1989. *Manusia Jawa*. Jakarta: Haji Masagung.
- Hasbullah, 2005. *Dasar Ilmu Pendidikan*. Jakarta: Raja Grasindo Persada.
- Koentjaraningrat.1985. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: PT Gramedia.
- Luxembung, Jan Van dkk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia.
- Marjani. 1950. *Kitab Bab Asale Manungsa*. Tuban.
- Mulkhan, Abdul Munir. 2002. *Ajaran dan kematian Syekh Siti Jenar*. Yogyakarta: Kreasi Wacana
- Nawawi, H. Badari. 1995. *Metode Penelitian Bidang Sosial*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Padmosoekotjo, 1955. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Hien Hoo Sing: Djokdja
- Poerwadarminta, W.J.S. dkk. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen-Batavia: J.B Wolters.
- Purnomo, Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Purnomo, Bambang. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Ronggopradoto. 1988. *Hidayat Jati Kawedhar*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti.
- Santosa. 2012. *Spiritualisme Jawa*. Yogyakarta. Memayu Publishing.
- Satoto, Sudiro. 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Surakarta: UNS Press.
- Sudardi. Bani. 2003. *Sastra Sufistik*. Solo: PT Tiga Serangkai Mandiri.
- ..... . 2003. *Sastra Sufistik: Internalisasi Ajaran-ajaran Dalam Sastra Indonesia*. Surakarta: Tiga Serangkai.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra Dan Ilmu Sastra Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Girimukti Pusaka.
- Tyahyono, Tengsoe. 1986. *Pengantar Teori Sastra*. Ende Flores: Nusa Indah.
- Wellek, Rene & Austin Werren. 1990. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT Gramedia.

Wratsongko, M. 2006. *Senam Ergonomik dan Pijat Getar Saraf*. Jakarta.

